

ABSTRAK BASA SUNDA

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun wangun gejala basa anu aya dina Téks Biografi siswa kelas X SMK Pasundan 3 Bandung, sarta pikeun mikanyaho faktor-faktor timbulna gejala basa, jeung impleméntasi bahan ajar. Masalah anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan gejala basa anu ngawengku kontaminasi, hiperkoreksi, jeung pleonasme. Ieu panalungtikan ngagunakeun analisis gejala basa jeung tiori Badudu (1991). Data anu geus dimeunangkeun tuluy dikumpulkeun, dikoreksi, diklasifikasikeun, dideskripsikeun, jeung diévaluasi pikeun nyieun kacindekan. Dumasar kana sampel data téks biografi siswa kelas X SMK Pasundan 3 Bandung, kapanggih yén gejala basa téh kapanggih dina téks anu geus dijieun. Gejala basa anu timbul ngawengku aspék kontaminasi kalawan 1 data kasalahan saperti kecap beunang, aspék pleonasme 30 data kasalahan saperti awéwé, jeung aspék hypercorrection tina 51 data kasalahan saperti wapat kudu maot. Hasil panalungtikan diimpleméntasikeun kana bahan ajar minangka tarékah pikeun ngungkulan munculna gejala basa.

Kecap konci: *gejala basa, kontaminasi, pleonasme, hiperkorek.*